ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№239 (22.147) ● 2011 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 16, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бородачев Н. М. «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Кинематографием зегьэужьыным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр фІэщын **Бородачев Николай Михаил и къуэм** - «Урысей Федерацэм Кинофильмхэмкіэ и къэрал фонд» федеральнэ щэнхабзэ къэрал Іуэхущ1апІэм и генеральнэ директорым.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м
№181-УП

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Хабзэр хъумэным цІыхубэр жыджэру хэтщ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу «Жылагьуэ хабзэр хъумэным цІыхухэр зэрыхэтым и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр зэрагъэзэщІэм теухуауэ доклад ищІащ къэрал къуэдзэ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным, абыхэм я щхьэусыгьуэхэр гъэкІуэдыным хуэунэтІыну хабзэхъумэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэщынымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ цІыхухэр, жылагьуэ зэгухьэныгъэхэр дэпэныкъуэгъу къэщІыныр. Мы зэманым республикэм къыщызэрагъэпэщауэ щылажьэ щІалэ дружинэ 92-м псори зэхэту дружинник 761-рэ къыхэщІеубыдэ. Апхуэдэ дружинэхэр муниципальнэ району хьм - Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Бахъсэн, Тэрч, Шэджэм, Шэрэдж районхэм щыІэщ.

Апхуэдэ бжыгъэхэм ехьэлІауэ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жаным Руслан** щІэупщІащ республикэм тещІыхьауэ апхуэдизу дружинникхэр мащІэрэ куэдрэ. Министрым къызэриІуатэмкІэ, цІыху 761-р мащІэкъым, абы кьеГэлъагъуэ щІыхьэм полицэм дэжь зэрыхуащІыр. Ауэ дружинникхэр нэхъыбэ хъуху, Іуэхур нэхъ ефІэкІуэнущ, абы хабзэхъумэ органхэр щІыхубэм зэрапыщІар игъэбыдэнущ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым щІэупщІащ цІыхубэ дружинэхэр район, кьалэ псоми щІыщымыІэм и щхьэусыгьуэм: «Ар дауэ къыхэзыбгрыІуэнур, щІыпІэ унафэр зезыГакІуэ унафэщІэхэм жэуаплныгъэ яхэмылъу, мы Іуэхур кьрамыдэзащэу, е я зэфІэкІыр яхуримыкъуу ара?» Апхуэдэ щІытыкІэр къызыхэкІынкІэ хъуну министрым Іуэхуит1 къыхигъэщащ. Ипэр - ар цІыхухэм щІыпІэ унафэр зезыГакІуэ органхэмрэ къэрал кІуэцІ органхэмрэ дзыхь хуанмыщІыщэу, абыхэм ядэлэжьэну хуэмейуэ щытынкІэ зэрыхъунурщ. Апхуэдэу зэран хъункІэ хъунущ районхэм, кьалэхэм я Іэтащ1ьэхэм цІыхубэ дружинэхэм зэфІэкІышхуэ яІэу къызэрамылъытэр. Васильев Сергей щІыпІэ унафэр зезыГакІуэ органхэм я унафэщІэхэр къыжуриджащ. ЕтІэ-кІуэ-щ1ыпІэ яхэлъу мы Іуэхум бГъэдыхьэну.

Докладым къызэрыхэщамкІэ, цІыхубэ дружинэхэм хэтхэм полицэм и лэжьакІуэхэм ящІыгъуу жылагьуэ хабзэр яхъумэ, балигъ мыхъуахэм хабзэншагъэ ямылэжьыным кІэлъопль, къуаншагъэхэр зэралэжьам къыхэкІыу къэрал кІуэцІ органхэм щатхахэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ драгъэжІыкІэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэр апхуэдэу хущІокъу жылагьуэ хабзэр хъумэным республикэм и къэзакъ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр къызэрыхишэным. Республикэм щатха Тэрч-Балкъ жылагьуэ хэзэкъ зэгухьэныгъэм цІыху 2120-рэ къызэщІеубыдэ. Абыхэм ящІыщу цІыху 475-р къэзакъ дружинэхэм, цІыху 35-р цІыхубэ дружинэхэм хэтщ. 2011 гъэм къриубыдэу къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм я лэжьакІуэхэм ящІыгъуу къэзакъхэр хэтащ цІыху куэд къызрихьэлІа зэхьыхьэшхуэу 157-м жылагьуэ хабзэр щыхъумэным. Апхуэдэу къэзакъхэр зэдгъэпэныкъуэгъэ рейди 100 ирагъэкІуэкІащ, псэупІэ хьэблэхэм щыІэ щытыкІэм кІэлъыплъыным хуэунэтІа Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 97-рэ къызэрагъэпэщащ. Абыхэм хиубыдэу хабзэншагъэу 29-рэ сэтей къащІащ, административнэ жэуаплым цІыхуи 185-рэ ирашэлІащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

Къанокъуэ Арсенрэ Хлопонин Александррэ зэІущІэр щекІуэкІым.

Хлопонин Александр и жэрдэмхэр

Дыгъэгъазэм и 15-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ КЪБР-м щыІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ, УФ-м и Президентым и полномочиэ дЫкІуэзу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр.

МАЙ РАЙОНЫМ ар къыщІрагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен.** Къэбэрдей-Балкъэр и Правительствэм и Унафэщ1 **Гертер Иван**, республикэм и куейхэм, кьалэхэм я администрацэхэм я Іэтащ1ьэхэм. Хлопонин Александр зригъэлъэгъуащ Май кьалэм и физкультурэзыкІыгъэ щрагъэфІэкІуэж комплексыпэ «Кавказрентген» заводымрэ я лэжьакІэр. Иужьрейм и зэІущІапІэ пэщыращ щекІуэкІари щІыпІэ самоуправленэхэм я Іуэхухэмкіэ совету УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэм щылэм егъэбыдыІауэ лажьэм и зэІущІэр.

Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм, щыналъэхэм я кІалэ, къуажэ администрацэхэм я Іэтащ1ьэхэр. Зэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм и муниципальнэ Іуэхущ1апІэхэр ахъщэкІэ къызэгъэпэщыным пыщІа гугъуехьхьэм. А гугъуехьхэр зыхуэдэр зэпкърыхауэ къигъэлъагъуэу къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балкъэрым и Парламентым ЩІыпІэ самоуправленэмрэ щыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Берд Хьэзрэтгалиий.**

А махуэ дыдэм Хлопонин Александр яІущ1ащ Май районым щыпсэу къэралыгъуэхэм къыщІаш щІыдагъэм и куэдагъэм зэрыжагъэхъуам и закъуэкъым, атІэ США-м и гъэтІылыгъэхэм теухуа хъыбарыр хэІущІыІу зэрыхъуарщ. Абы щІыдагъэуи бензинуи иІэр зыхуеинум хуэдІэ щІегъу икІи хигъахъуэ зэпытщ.

Фадэм игъэлІахэр

Фадэ Іэрыщ1ым Индием щигъэлІахэм я бжыгъэр 60-м щыщІигъуащ. Сымаджэ хьэлъхэм къахэхьуэ эпыщІ.

Апхуэдизу щІыхь Іисраф щІэхьуам и щхьэусыгьуэщ Индием и Калькуттэ кьалэм километр 50-кІэ пэжьажьэ Сангрампур гъущ Іуэгу станщым дежь щыт щІхапІэ щІыкІуэм пуд дыдэу щащ фадэхэм Іэрыщ1хэм сэкат яІэу къызэрыщІэкІар. Сымаджэ хьэлъхэм я бжыгъэр 80-м щІигъуащ икІи дохутырхэм хуагъэфащэ яІэщІэлІа щІыху 60-м щІигъуи иджыри куэд къаухъуэну.

НОБЭ

◆Къэзахстан Республикэм и махуэшхуэщ - 1991 гъэм къэрагъуэ щхьэхуит хъуащ.

◆ЮАР-м зэкІужьныгъэм и махуэр щагъэлъапІэ. 1994 гъэм апартеидым текІуа нэужь, къэралым щыпсэухэр къызыхэкІа лъэпкьхьІэ, я тепІэкІэ, зэрахьэ динкІэ зэхэгъэж щІын щагъэташ.

◆Илъэс 45-рэ и пэкІэ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и XXI сессием къыщтащ Жылагьуэ, политикэ хуитныныгъэхэм я дунейпсо пактыр. Абы лэжьэн щІидащ 1976 гъэм и гъатхэпм.

Дунейм и щытыкІэнур

Нобэ Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэу градусы 3 - 5, жэщым 0 градус щыІэнущ.

Пэмыжыпэр зыгъэхьэзырыр
ХЬЭТАУ Исламрэ
ГЪУЩІО Зарифрэщ.

Къэрал Думэм и депутат Натхъуэ Разиет

АДЫГЕЙ. ***«Урысей зэхъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и секретарь Іэшэ Мухьамэд зэрыжиІамкІэ. Адыгейм къыбГъэдэкІыу Къэрал Думэм и депутат къалэныр дзыхь хуащІащ республикэм узынщагъэр хъумэныкІэ и министр Натхъуэ Разиет.***

ЦІЫХУБЭ фронтым хэт Натхъуэ Разиет Къэрал Думэм и депутат зэрыхьуам къыхэкІыу министр кІулыкІым къытекІащ. «Урысей зэхъуэт» партым и спискэм абы и кандидатурэр щигъэлъэгъуауэ щытащ «Адыгейм и цІыхубзхэм я союз» жылагьуэ зэгухьэныгъэм.

Абхъазым и сурэтыщІхэм я гъэлъэгъуэныгъэ

АБХЪАЗ. ***Лъэпкьхэм я унэу Мэзкуу дэтым къыщыізэІуахащ Илъэсыщ1эр къызэрыблэгъам къыхэкІыу «Махуэшхуэм пэлъэ махуэшхуэ» зыфІаща. Абхъазым и иджырей сурэтыщІхэм я гъэлъэгъуныгъэ. Абы ирагъэблагъащ я лъахэгъуэ, куэдым фІыуэ ялъагъу тхакІуэ цІэрыІуэ Искандер Фазиль.***

АБХЪАЗ диаспорэр зыщыгуфыкІа а Іэхуэгъуэр гъэлъэгъуэныгъэ кІудейкьым, атІэ абы Іэмал щагъэтынущ я ныбжьэгъухэм, цІыхугъэхэм щаІущІэну. Абыхэм я нэхъыбэр Сыхъум икІахэрщ. Яг1ельэгъуэну дэтхэнэ зы сурэтми лъэпкь нэщэнэ иІэщ. Я хьэщІэ лъапІэ Искандер къахуищІыну гулытэм езы сурэтыщІхэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Дунейпсо рекорд

Адыгэ фащэ щыгъыу

КЪБР-м и Шэрэдж районым щыІэ Гуэл щхьэунтІэм иджыблагъэ Іуэху гъэщІэгъуэн щекІуэкІащ. ФридайвингымкІэ тІэунейр дуней псом и чемпион Авдеенко Наталье Іэмэпсымэ хэхахэр, зэрыбгъуэн кислород имыІыгъыу метр 61-кІэ псым зыщІигъэуащ. Адыгэ фащэр щыгъыу дунейпсо рекорд зыгъэува хьыджэбзым и зэфІэкІыр телевизионнэ камерэхэмкІэ тракащ икІи дуней псом щыщІэрыІуэ дайвер Галайдэ Игорь итхащ.

Спортсменкэр культурологиемкІэ кандидатщ, 2004 гъэ лъандэрэ дайвингым дехьэх. Иджыпсту ар а спорт лІужьныгъэмкІэ дуней псом щыпэхь лъэщу кьалэтыт щыхуб3итхум ящыщщ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

НАРКОТИКХЭМ кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ кІулыкъум и Іуэхущ1апІэу КЪБР-м щыІэм, хабзэ зэрыхъуауэ, дыгъэгъазэм и 14-м ягу къыщІагъэкІыж 2004 гъэм бзаджащІэхэр управленэм щыщІытеуам хэкІуэда я лэжьэгъуэхэр. Бэрэжьей кІуам ирагъэкІуэкІа апхуэдэ фэеплъ зэхьихьэм къырихьэлІащ хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэри.

- Наркополицэм хьихьагъащІэхэм Хэкум хуэпэжу хуэлэжьэну илъэс еханэ хьуауэ мыбдежым тхьэрыІуэ щащІ, - жиІащ КЪБР-мкІэ УФСКН-м и унафэщІэм и къуэдзэ Соловьев Николай къызэхуэсахэм защІыхуигъазэм.

● Фэеплъ

Ахэр зэи дигу ихунукъым

Управленэм и лэжьакІуэ, полицэм отставкэм щІэ и полковник Петров Владимир къыхигъэщащ ягу кьагъэкІыж щІалэхэм я кьалэныр щІэныж ямыщІэу, хахуагъэрэ ящІыгъэ кьагъэлъагъуэу зэрагъэзэщІар адрейхэм я дежкІэ щапхъэу зэрыщІы-тыр.

СУАНОВЭ Залинэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

2012 гъэм и ящэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр йокІуэкІ.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Хабзэр хъумэным цІыхубэр жыджэру хэтщ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зэІущІэм Правительствэм щыхухаха зэманым хиубыдэу «Жылагьуэ хабзэр хъумэным цІыхухэр зэрыхэтым и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законыр зэрагъэзэщІэм теухуауэ доклад ищІащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей.

МИНИСТРЫМ зэрыжиІамкІэ, хабзэншагъэхэр къэмыгъэхъуным, абыхэм я щхьэусыгьуэхэр гъэкІуэдыным хуэунэтІауэ хабзэхъумэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэщынымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ цІыхухэр, жылагьуэ зэгухьэныгъэхэр дэпэныкъуэгъу къэщІыныр. Мы зэманым республикэм къыщызэрагъэпэщауэ щылажьэ щІалэ дружинэ 92-м псори зэхэту дружинник 761-рэ къызэщІеубыдэ. Апхуэдэ дружинэхэр муниципальнэ району хьм - Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Бахъсэн, Тэрч, Шэджэм, Шэрэдж районхэм щыІэщ.

Апхуэдэ бжыгъэхэм ехьэлІауэ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жаным Руслан** щІэупщІащ республикэм тещІыхьауэ апхуэдизу дружинникхэр мащІэрэ куэдрэ. Министрым къызэриІуатэмкІэ, цІыху 761-р мащІэкъым, абы кьеГэлъагъуэ щІыхьэм полицэм дэжь зэрыхуащІыр. Ауэ дружинникхэр нэхъыбэ хъуху, Іуэхур нэхъ ефІэкІуэнущ, абы хабзэхъумэ органхэр щІыхубэм зэрапыщІар игъэбыдэнущ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым щІэупщІащ цІыхубэ дружинэхэр район, кьалэ псоми щІыщымыІэм и щхьэусыгьуэм: «Ар дауэ къыхэзыбгрыІуэнур, щІыпІэ унафэр зезыГакІуэ унафэщІэхэм жэуаплныгъэ яхэмылъу, мы Іуэхур кьрамыдэзащэу, е я зэфІэкІыр яхуримыкъуу ара?» Апхуэдэ щІытыкІэр къызыхэкІынкІэ хъуну министрым Іуэхуит1 къыхигъэщащ. Ипэр - ар цІыхухэм щІыпІэ унафэр зезыГакІуэ органхэмрэ къэрал кІуэцІ органхэмрэ дзыхь хуанмыщІыщэу, абыхэм ядэлэжьэну хуэмейуэ щытынкІэ зэрыхъунурщ. Апхуэдэу зэран хъункІэ хъунущ районхэм, кьалэхэм я Іэтащ1ьэхэм цІыхубэ дружинэхэм зэфІэкІышхуэ яІэу къызэрамылъытэр. Васильев Сергей щІыпІэ унафэр зезыГакІуэ органхэм я унафэщІэхэр къыжуриджащ. ЕтІэ-кІуэ-щ1ыпІэ яхэлъу мы Іуэхум бГъэдыхьэну.

Докладым къызэрыхэщамкІэ, цІыхубэ дружинэхэм хэтхэм полицэм и лэжьакІуэхэм ящІыгъуу жылагьуэ хабзэр хъумэ, балигъ мыхъуахэм хабзэншагъэ ямылэжьыным кІэлъопль, къуаншагъэхэр зэралэжьам къыхэкІыу къэрал кІуэцІ органхэм щатхахэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ драгъэжІыкІэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэр апхуэдэу хущІокъу жылагьуэ хабзэр хъумэным республикэм и къэзакъ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр къызэрыхишэным. Республикэм щатха Тэрч-Балкъ жылагьуэ хэзэкъ зэгухьэныгъэм цІыху 2120-рэ къызэщІеубыдэ. Абыхэм ящІыщу цІыху 475-р къэзакъ дружинэхэм, цІыху 35-р цІыхубэ дружинэхэм хэтщ. 2011 гъэм къриубыдэу къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм я лэжьакІуэхэм ящІыгъуу къэзакъхэр хэтащ цІыху куэд къызрихьэлІа зэхьыхьэшхуэу 157-м жылагьуэ хабзэр щыхъумэным. Апхуэдэу къэзакъхэр здэгъэпэныкъуэгъэ рейди 100 ирагъэкІуэкІащ, псэупІэ хьэблэхэм щыІэ щытыкІэм кІэлъыплъыным хуэунэтІа Іуэху зэмылІэужьыгъуэу 97-рэ къызэрагъэпэщащ. Абыхэм хиубыдэу хабзэншагъэу 29-рэ сэтей къащІащ, административнэ жэуаплым цІыхуи 185-рэ ирашэлІащ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Иджы цІыху мин 50 къагъэлъагъуэ

Урысей Федерацэм и Кърал Думэм и еханэ хэхьагъэ кьрикІуэхэмкІэ мыарзэхэм арагъэру пэкІушхуэ ирагъэкІуэкІыну. Абы теухуа хуитныныгъэ Мэзкуу и властхэм опозициэм иратащ.

Академик Сахаровым и проспектым дыгъэгъазэм и 24-м щекІуэкІыну цІыху мин 50 кърихьэлІэну ар къызэзыгъэпэща «Солидарность», «Левый фронт» зэщІэхъеенагъэхэм ирагъэтхащ. Абы сыхьэт 14-м щІидзэу 18-м ихуэну яГэуващ.

Фигу къэлъагъэІыжьыщи, дыгъэгъазэм и 10-м Урысей Федерацэм и къалащхьэм щызэхэта пэкІум цІыху мин 20-м щІигъу крихьэлІащ. Абыхэм къагъэуващ Къэрал Думэм и хэхьыныгъэхэм кьрикІуэхэр щІыуэ къалыгъэ якъутэжьну, ХэхакІуэ Комиссэ Нэхъыщхьэм и унафэщІ Чуровыр и кІулыкъум трагъэкІыу, уголовнэ Іуэху кьалэтыну, нэгъуэщІхэр.

Европарламентыр кьыхоІэбэ

ОБСЕ-м и докладхэр тегъэщІапІэ ящІри, Европарламентым и депутатхэм кьагъэвдыр Урысейм пэжымрэ захуагъэмрэ хуэгъэпса хэхьыныгъэхэр щегъэжІуэкІыщхьэу. Абыхэм кьалыгъэ Кърал Думэм хэтыныгъэр щыхэхьыным хабзэхэр кьызэпаудауэ, цІыхубэ хьыбарегъащІэ. Іэнатіуэхэр зы лъэныкъуэм и гельхьэу щытауэ, кІэлъыплъыкІуэхэр зэхэзекъуэн ящІауэ, тепщэныгъэр зыщыгъ партымрэ къэралым и кулыкъущІэхэмрэ эшхьэщыкІыныгъэ ямыІэу.

Европарламентым зи гугьу тщІы и резолюцэр Іэмал имыІэу яГъэзэщІэн хуейхэм хьхэркъым. Абы щыгъуэми ар Урысей Федерацэм щыщІэщытыкІэр хэпщІыкІыу къызэщІэзыгъэльэфынуц. Европарламентым и депутатхэм ЕС-м хэт къэралыгъуэхэм я унафэщІхэр къыхураджащ дыгъуасэ Брюссель къыщыІэІуаха саммитым хиубыдэу хэхьныгъэхэм теухуа Іуэхугъэр абы хэтыну УФ-м и Президент Медведевым и пащхьэм къыщаІэтыну.

Хэкіуэдахэм я унагъуэхэм сом мелуан зырыз хухах

«Вайгач» атом мылкъутэм дыгъуасэ къыщыхьэ мафІэсым щІыхуитІ хэкІуэдащ. Абыхэм я унагъуэхэм сом мелуан зырызкІэ ядэІэныкъуну Росатомым щІэрыІ зыщІыжащ.

МафІэсыр къыщыхъуар Красноярск крайм и Таймыр куейрщ. ЩІыпІэ зэманымкІэ пщэдджыжьыр щыхьэти 5-рэ дакьикъэ 24-м «Вайгач» атом мылкъутэм мафІэ къыщІэнащ. Абы хиубыда яІэ ахъщэ зиІэ машинист Безруковымрэ мастер нэхъыжь Морозовымрэ зэкІуэдащ, механикыу лажьэ Шевченкэ къэлъэу сымаджэщым нагъэсащ.

Іуэхур къыщыхъуам МЧС-м, ФСБ-м, СледственнемкІэ комитетым я лэжьакІуэхэр ящІэгъуэ, зэрахьэ динкІэ зэхэгъэж щІын щагъэташ.

◆Илъэс 45-рэ и пэкІэ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и XXI сессием къыщтащ Жылагьуэ, политикэ хуитныныгъэхэм я дунейпсо пактыр. Абы лэжьэн щІидащ 1976 гъэм и гъатхэпм.

Дунейм и щытыкІэнур

Нобэ Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэу градусы 3 - 5, жэщым 0 градус щыІэнущ.

Пэмыжыпэр зыгъэхьэзырыр
ХЬЭТАУ Исламрэ
ГЪУЩІО Зарифрэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Іубгъэным фІэмылІыкІыр жылэм я нэхъыкІэщ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Налогхэр къызэрыхахым арэзы дыкъищІрэ?

КЪБР-м и Правит ельствэм и Унафэщ1ым и ящэ къуэдзэ Абрэдж Іэдиб иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ Налогхэмкіэ федеральнэ къ улыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм, министерствэ, ведомствэ зыбжанэм, КЪБР-м и бюджет зэгуэтым къыхалъхьэ налогхэмрэ адрей ахъщэхэмкІэ щІыкІуэ зытеГ предприятэхэм я унафэщІхэр. Абы щытепсэлъыхьащ 2011 гъэм щыщу блэкІа мазэ 11-м республикэм и бюджетым и хэхьэгъэзэщІапІэ къызэрызэрагъэпэщам, абы и лъэныкъуэкІэ илъэс планыр гъэзэщІэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

НАЛОГХЭМКІЭ федеральнэ къу лыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ **Быф Руслан** зэрыжиІамкІэ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхьэнэм елытагъэ дызэрыт илъэсым налог хэхъуэхэр нэрылъагъуу нэхъыбэ хьуащ. Республикэ бюджетым сом меларди 5-рэ мелуан 27-рэ (нэгъабэ елытагъуэ сом мелуан 539-кІэ нэхъыбэ) кІыІэрыхьащ. Акцизхэр хэмыту, налогыгу кьыхахар сом меларди 4-рэ мелуан 40-рэ (нэгъабэ елытагъуэ сом мелуан 767-кІэ нэхъыбэ) мэхъу. Ауэ, итІани, планыр процент 90,8-кІэ яГэзэщІагъэ яращ. Налог хэхъуэу зыхьхамыхыу кьэнащ сом мелуан 511,3-рэ. Акцизхэмкіэ хэхъуэу сом 1 мелардрэ мелуан 336-рэ кьаІэрыхьэн хуеяти, абы щыщу сом мелуан 987-рэ (процент 73,9-рэ) кьыхахауэ аращ.

АкцизхэмкІэ хэхъуэхэр зэхуэхьэсынымкІэ планыр щІахуэмыІэзэщІам и щхьэусыгьуэр, Быф Руслан къыІэрилъытэмкІэ, Налог кодексым щІэуэ халъхьа Іуэхугъуэхэм фадэ кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущ1апІэхэм я нэхъыбэр зэрыпэмылъэщарщ. А зэхьэуэкІынигъэхэм кьару щагъэутар дыдэрэ илъэсым и зэхуэдитІыр икІауэщ.

Фадэ кьыщІэзыгъэкІ Іуэхущ1апІэу республикэм 36-рэ щыІэу щытамэ, иджы ахэр хуэдитІым щІигъукІэ (кьэнэжар 15-щ) нэхъ мащІэ хьуащ. Лажьэу кьэнэжа Іуэхущ1апІэхэм 2010 гъэм еГьытауэ дыдэрэ илъэсым щыщу блэкІа мазэ 11-м кьрифыбгъэу акцизу хуэди 3,5-кІэ нэхъыбэ ятащ. Мылажьэу щыт предприятэхэм фадэхэкІэхэм ятехуэу акцизхэм я зэхуэдитІым нэблагъэр (процент 47,3-р) ятелащ. «Дэ кьыІэрыгъэтІэмкІэ, фадэу кьыщІагъэкІыр мазэ кьэс нэхъ мащІэ хьуурэ» екІуэкІынущ», - жиІащ Быф Руслан.

Финансхэмкіэ министр **Бышэн Азрэт**зэІущІэм хэтахэм гу лъаригъэтащ налог хэхъуэхэмкІэ планыр щІамыгъэзащІэм и щхьэу сыгъуэ я нэхъыщхьэм - нэгъэсауэ административнэ Іэмалхэр кьыІэрамыгъэсэбэпым. 2009 гъэм бюджетым акцизхэмкІэ сом мелард 1,5-рэ кьыІэрыхьауэ щытамэ, 2011 гъэм ар сом мелард 1,1-м нэсу зэрехьэ, езы Іэнатіэр зэпІэзэрыгу зэрымылажьэм кьыхэкІыу, мыиж трым зэІущІэм хэтахэр кьыхуриджащ акцизхэмкІэ яфІэкІуэд ахьшэр зэрырагъэкъуэжьи нэгъуэщІ хэкІыпІэхэм егупсысыну. Кьапщтэмэ, абы кьыхихьащ транспортымкІэ налогыр, фейдэм техуэ налогыр, нэгъуэщІхэри кьыІэрыхьахэр яГэзэткІиину.

Абрэдж Іэдиб зыхуэфащэ министрхэм я пщэ ирилъхьащ муниципалитетхэмрэ налог органхэмрэ я унафэщІхэр ящІыгъуу мы лэжьыгъэм нэхъ жыдэкІэру пэрытыну. «Фигу кьэзгъэкІыжьынщи, республикэм и Президент Кьэнокъуэ Арсен бизнесым егъэлеиуэ темыкъуэзэнкъуэ кІелъытэ. Дэ предприятэхэм я гугъу дымыщІу бэуапІэ еттащ. Абы кьыщымынэу, Іэнатіэ пыухыкІахэм, псом хуэ эмыдэу кьыІэІуахагъащІэхэм, кьэралыр ядэІэпыкьуащ, иджыри абыхэм налогхэмкІэ льготэ пыухыкІахэр яІэщ», - жиІащ Правительствэм и Унафэщ1ым и ящэ къуэдзэм. Абы и псалъэхэм кьыхэщащ бизнесри хьэлэлу лэжьэну властыр зэрыщыгугъыр, налогхэр ямытын папщІэ зи хэхъуэгъэ зыгъэнщІхуэм апхуэдизу зэІапІэкъуэнкІэ дяпэкІэ зэрырамытынур.

КЪБР-м и экономикэ зыужьыныгъэмрэ статистикэмкІэ и министр **Мусуков Алий** кьыхихъэщхьэхуэкІащ щІэуэ кьыІэрагъэпэща предприятэхэм къадэкІуэу, лажьэу щыІэхэм ящІыщу иджыри производствэхэр кьыІэрыгъэпэщІэхэм налогхэмкІэ зэрых удачыхьэр. «Иужьрей илъэситІым кьриубыдэу налогхэмкІэ льготэхэр хуагъэуващ лэжьапІэ Іэнатіэщ1эу псори зэхэту 1300-рэ кьыщыІэзэрагъэпэща предприяти 7-м», - кьыхихъэщхьэхуэкІащ министрым.

Республикэм хьэрычэт лэжьыгъэ щезыгъэкІуэкІхэм кьагурыІуэну кьыщІэкІыжащ налогэзэщІапІэтІэ зэпыту екІуэкІ зэрымылъэнур, дяпэкІэ налог тыным зыщыщыдзейхэм законым кьыщыгъэгъуэгъуэ Іэмал псори кьагъэсэбэпурэ, нэхъ ткІийуэ ябгъэдыхьэнущ.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

● Гу зылъытапхъэ

Республикэм Іулъхьэм щобэн

Іулъхьэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Хабзэр хъуэныム цІыхубэр жыджэру хэтщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Къэзакъ зэгухьэныгъэхэр жыджэру йолажь терроризмым и шынагъуэ цІыхухэм къатемыгъэхьэным. Абыхэм я къалэныр автовокзалхэм, гъущІ гъэзгу вокзалхэм, бэзэрхэм, цІыху куэд щІыпІэхэм нэгъэщІ щІыпІэхэм щрахьэкІ, апхуэдэу пщыкІуэщІхэм ящІэрыгъэ хабзэхъуэмэхэм ящІыгъуэ уэрамхэм хабзэншагъэ къщІымыгъэхъуныкІэ кІэлъопІъ. ЦІыхубэ дружинэхэмрэ къэзакъэхэмрэ хабзэр хъуэным зыубгъуауэ къыхашащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьным зыщІыхуагъэхьэзыщІым, ахэр щрагъэжьыным.

Президиумым и зэІуІэм хэта, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым** мы псалъэмакъыр кІигъэсэбэпри, депутатхэм я цІэкІэ фІыщІэ яхуищІащ хэхьныгъэр щекІуэкІ махуэм шынагъэншагъэр къыззгъэпсынным зэуэнтІаоэ ІэхуэщІхуэ зэфІэзыгъэкІа цІыхухэм, къэрал кІуэцІ ІэхуэхэмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэм.

А псоми къадэкІуэу, Васильев Сергей и докладым къыщыхигъэщащ цІыхубэ дружинэхэм я зэфІэкІыр нэгъэсауэ зыгъэзсэбэпа зэрымыхьэр. Абы и щхьэусыгъуэр цІыхухэр Іуэхум зэрытрагъэгушуэн хэкІыпІэхэр зэрамыубзыхуарр, дружинэхэм мыльку гуэр, техникэ зэрамыІэрщ.

«Жылагъуэ хабзэр хъуэным цІыхухэр зэрыхэтым и ІуэхукІэ» Законым хагъэкІыжащ 12 статьяр.Ар теухуат муниципальнэ щІыналъэхэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм я мылькукІэ цІыхубэ дружинэхэр кьызэрызэрагъэпэщ щІыкІэм. А статьям щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм къалэн ящищІырт цІыхубэ дружинэхэм унэлъащІэкІэ, зыхуеину ІэмэпсымэхэмкІэ, телефонкІэ къызэгъэпэщащ лэжьапІэ пэшхэр хухахьну. Апхуэдэу законым хагъэкІащ «Жылагъуэ хабзэр хъуэным хэт цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ къащхьащІыжьыныкІэ щэсыпІэхэр» 17 статьяр. Ари сабэп хъуакъым жылагъуэ хабзэр хъуэным цІыхухэр тегъэгушхуэныжькІэ.

Жылагъуэ хабзэр хъуэным цІыхухэр нэхъ зыубгъуауэ къыхэщІа хъун папщІэ, министрым къызэрильытэжькІэ, хабзэр хъуэным кІэ жылагъуэ пунктхэр къыщІэзэрагъэпэщыжкІэ абыхэм я штатым хэгъэхьэпхъщ цІыхубэ дружинэхэм я штабым и унафэщІым и кІулыкІур. Апхуэдэ лэжьакІуэхэм улахуи яІэн хуейщ. Васильев Сергей апхуэдэу къыхигъэщхьэхуІакІащ хабзэншагъэ зыІэпкІэхэм, щІэпхъаджагъэ зыгъэхьэзырхэм я теухуа хъыбархэр хабзэхъуэмэ ограныкІи кьаІэрыгъэхьэхэм яхьэ зэрырат щІыкІэр зэрегъэфІэкІуэпхъэр, жылагъуэ хабзэр хъуэным хэтхэм муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэр нэхъ зыубгъуауэ ядэІэпыкъун зэрыхуейр.

Докладым и ужькІэ Президиумым хэтхэм министрыр, хупщІэ зыбжанэ ираташ: «Урысей зэкъуэтым» и фракцэ КъБР-м и Парламентым щыІэм и унафэщІ **Жэрыкъуэ Борис** щІэупщІащ къэрал кІуэцІ ІэхуэхэмкІэ органхэм лэжьакІуэхэр щІахуримыкъым и щхьэусыгъуэм, абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІэхэм. Васильев Сергей зэрыжиІакІэ, ижьфистУ жылагъуэхэм я уэрамхэм, гъэгуэхэм хабзэр щызыхъумэ ІэнатІэхэм лажьакІуэу 1472-рэ ахуэчэмщ. Мыбы теухуауэ УФ-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министрым зыхуагъэзащ. Апхуэдэу а лэжьыгъэр и нэІэм щІэтщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ПромышленностымкІэ, гъэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ щІахуримыкъым и щхьэусыгъуэм, абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІэхэм. Васильев Сергей зэрыжиІакІэ, ижьфистУ жылагъуэхэм я уэрамхэм, гъэгуэхэм хабзэр щызыхъумэ ІэнатІэхэм лажьакІуэу 1472-рэ ахуэчэмщ. Мыбы теухуауэ УФ-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министрым зыхуагъэзащ. Апхуэдэу а лэжьыгъэр и нэІэм щІэтщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

ПромышленностымкІэ, гъэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ щІахуримыкъым и щхьэусыгъуэм, абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІэхэм. Васильев Сергей зэрыжиІакІэ, ижьфистУ жылагъуэхэм я уэрамхэм, гъэгуэхэм хабзэр щызыхъумэ ІэнатІэхэм лажьакІуэу 1472-рэ ахуэчэмщ. Мыбы теухуауэ УФ-м къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министрым зыхуагъэзащ. Апхуэдэу а лэжьыгъэр и нэІэм щІэтщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

Мэремыкъуэ Сэфарбий и упщІэр теухуауэ щытащ иджыпсту республикэм щыщыІэ щытыкІэм. Доклад зыщІам абы и жэуапу жиІащ хабзэр хъуэным и лъэныкъуэкІэ екъуІэныгъэ пыуныкІахэр зэрыщІыр. Абы и щхьэусыгъуэр терроризм ебэныным и ІэнатІэ хабзэ щытыкІэр щІыналъэ щхьэхуэхэм зэрыщхьащхьыжар. Ауэ абы щхьэкІэ къэмынэу, къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэр сакъыу я ІэнатІэм пэрытщ. НэгъэщІ субъектхэм къикІауэ республикэм щыІэ хабзэхъуэмэхэм куэд зэфІагъэкІащ, языныкъуэхэм лІыхъужьыгъэ нэс къагъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщІ зыбжанэ республикэм и щІыналъэм щыхэкІуэдащ. А къаурхэр иджыри кърашыжакъым террорым пэщІэтыныкІэ хабзэ щытыкІэр зыщщхьащхьыжа щІыпІэхэм.

Министрым и докладымрэ депутатхэм кьапсэлъахьэмрэ япкъ иткІэ, Президиумым хэтхэм я щинджащ пыухыкІахэр ираташ. КъБР-м и Правительствэм, Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхэныгъэхэм я ІуэхуэхэмкІэ и къэрал комитетым, КъБР-м ЩІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м ЦІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхуэ Іэнатіэхэмкіэ и къэрал комитетым, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

Мухьэмэдр Хьандэрийр я къуажэгъуэм яхэтщ. *1996 гъэ*

ПщІэрэ щхьэрэ иІэу дунейм тета си къуажэгъу

**Дзбагъуэ Мухьэмэд (1941-2003) кІыщалъхуа Жьакуэ къуажэм (нэхъ пасэм Къубатейуэ), 1865 - 1927 гъэхэм Альэчырейуэ щыта жылэр 1822 гъэм Къэбэрдейм икІыу Иржьлэк щыхъуэ Іэнэхъуэхэм ящыщщ) и мызакъуэу, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм ЩІыз хьыкІыныгъуэ журналист, гъэкІуэ, драматург гъуэгуанэ щытащ. Мухьэмэд и ныкъуэ куэдкІэ «Черкесхэку» газетым и редакторэу нэхъыщхьэу лажьащ. И гущІэдзкІ ныкъо и зэчий лъагэмрэ хуэфащэу Дзбагъуэм кІыфІащат «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лажьакІуэ», «КъШР-м и щІыхьэ тхакІуэ» щІэльапІэхэр. Ноби Мухьэмэд и тхыгъэхэм ящыщ хэтщ курыт еджапІэхэм я программэм, и пьесхэр щагъуэм Шэрджэс къэрал драмэ театрым, Льэужь щхьэпэ къыхинащ Мухьэмэд ди гъащІэм.

ДЭБАГЪУЭМ илэжьа Іуэхуэшхуэхэм я мызакъуэу, ар ди гум Іэфіу къизыгъэнар цІыхуфІу, и лъэпкъыр фІыуэ ильагъуу, цІыхугъэм, ныбжьэгъугъэм хуэпэжу зэрыщытарщ. ЗэфІэкІ ин зиІэ псоми кІэйхьулІэркъым цІыхуфІу дунейм тетын кьалэныр.

Мухьэмэд си къуажэгъу къудейтэкъым, атІэ си ныбжьэгъу зэрыщІэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщт, уеблэмэ яп классым щыщІэдзауэ ильэсиблкІэ зы партэм дыдэсащ абыр» сэрэ. Ди сабингъэуэр зауэ нэужь зэман хьэлъэм техуат. Апхуэдэ зэман хьэлъэм зэныбжьэгъу къудейуэ укъигъанэркъым - гугъуехым зэкъуэш дищІат. Ильэс кІуэд дыдэ дэкІами, нобэ Дзбагъуэ угиІэ зэныхъэ Шэрджэсым е Къэбэрдейм сащыхуэзэмэ, си Іыхьлы дыдэ сльэгъуауэ я кьысщохьу, Мухьэмэд и фэдизэ изопльэ.

Дзбагъуэ Мухьэмэд и теухуауэ гукъэкІыж Іэджи щыІэрызохьэ си щхьэм, псалъэ гуапэ куэдри теІысащ си бзэгуэпэм, ауэ нэхъ игъуэу къыщІэкІынщ мы тхыгъэм а щІыхь гъуэзэджэм лъэпкъым, кІыщІалъуа къуажэм, адыгэ псоми яхуилэжьа Іуэху хэхаэм сыщыптепсэлъыхьу.

ЛІы губыгъэ гуэрым мыпхуэдизу жиІащ: «УсакІуэр, тхакІуэр къэпщІыхуну ухуеймэ, кІуэ ар къыщалъхуа лъахэм». Мухьэмэд къыщалъхуа Жьакуэ къуажэр Инжыдж и Іуфэ ижьым Іусщ. Къуажэм и ПІысыпІэр куэдрэ ихьуэжащ. Иджы здэщысым 1891 гъэм къэІэпэхьауащ. КъуажэпщІ щыта Альэчыр Исхьэкъ псым и ижьрабгъуэр къыщыхихьам жиІат: «Сэ сихуейкІыж ди бзыльхъуэгъэм Іэ сэмэгукІэ псы кьрагъахъуэу псэуну». Ди къуажэкІэм пэгъунэгъуэ Инжыдж и адрей сэмэгумкІэ кьэтІыса Хьэгъэндыкъуэй (Алибэрдыкъуэ) жылэм я щІыхьэхэм нобэр кьыздэсІи Іэ сэмэгумкІэ псы кьрагъахьуэ. Альэчырым и закъуэкъым гуІыщІэ зыхьэлъу къеКІуэкІыр. Жьакуэ щыпсэу дэтхэнэми гуІыщІэ дахэ яхэлъщ. Ди къуажэм «Адыгэ Габрово» ефІащами щыуэнтэкъым. Сыт и уасэт мы къуажэм кьыдэкІа артист щІэрыІуэ Акъ Мухьэрбэч и гушыІэкІэр!

Жьакуэр кьуажэ щІыкІущ (щІыку 1800-рэ хуэдизу нобэ щопсэу), ауэ мыбы щІыху щІэрыІуэ куэд кьыщІэкІащ. Ап хуэдэхэщ артистхэу Акъ Мухьэрбэч, уэрэджыІакІуэ Гъуэт Хъусин (УФ-м и щІыхьэ артистщ), щІэныгъэ зэхуэмыдэхэмкІэ докторэр, кандидатхэр, къэрал псом кьыщацІыху спортсменхэр, тхакІуэхэр, журналистхэр. Абыхэм яхэтщ и кІуажэм и щІэр фІыкІэ зыгъэІуа Дзбагъуэ Мухьэмэди. Абы и жьлэр зыми химыльхъуэ фІы дыдэу ильагъурт, и кІуажэгъуэм я гуфІэгъуэ я гуауи ядигушыарт.

Дзбагъуэ Мухьэмэд илэжьа Іуэхуэхэм я гуэрыгъэ щІыІмэ, япэ изгъэщынт адыгэ газетым тригъэкІуэда и гущІэшхуэр. 1965 гъэм щыщІэдзауэ дунейм ехьжьыху ар щылэжьащ нобэ «Черкес хэку» зи щІэ газетым и корреспондент, редактор изхьыщхьэм и кІуэдзэу, ильэс куэдкІэ абы и редактор нэхъыщхьэу. Дигу кьздгъэкІыжынщи, адыгэ газетхэм я напэкІэуэцІхэращ ди литературэр кьыщыежьар, псом хуэмыдэу 20 - 40 гъэхэм. Абы кьыкІэлъыкІуа лъэхъэнэми газетхэм я мыхъэнэр зэрыщимыгъуауэ зы щапхъэ. ТІощІ гъэхэм щыщІэдзауэ «Черкес хэку» газетым (щІэ зыбжанэ зэрихъэжащ ипэкІэ) нэхъыбэу щылэжьар, редактор щхьэщыхьэхэри хэту, Хьэгъэндыкъуэйр Жьакуэр кьыдэжьащ. АрагъэщІ мыбыхэм, псом хуэмыдэу хьэгъэндыкъуэйдэсхэм усакІуэ, тхакІуэ куэд кьащІыхьэкІар. Псалъэм папщІэ, мы къуажэм усакІуэ тІощІым нэс кьыдэкІащ, абыхэм ящыщщ: Бемырзэ Мухьэдин, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъащ МуІзед, Анзор Мухьэмэд, Хьэгъэндокъуэ Рэмзан, Шорэхэ Хьэсинрэ Ахьмэдрэ, Тхьэгъэпсэу Уэвжыкъуэ, АбытІэ Хъызыр, Иуан Щамел, АбытІэ Владимир сымэ. Мы къуажэм «Шэрджэс усыгъэм и Мэчъэ-Мадинэ фІэсщащ» жыІэу тхыгъэ гуэрым кІыщыгъэлъэгъащ. ИужькІэ сыгущыІэу жысІэгъащ: «Фи къуажэм щыщ ащхуэдизу цІыхур усэным дезыгъэхьэар махуэ кьэс фІыгъуплъэ Жьакуэм и теплъэ дахэрщ» (Алибэрдыкъуэ Іуэхуэжэм и пащхьэм итщ си адэщхуэм и адэ БакІуу Алий и цІэр зезыхьэ «БакІулий» мэзымрэ бгы еКІуэкІымрэ). ГушыІэ хэмыту жыпІэмэ, литературэм Жьакуэ, Алибэрдыкъуэ, Хьэбэз кьуажэм дэсхэр хэщІа цІэхуэр адыгэ газетымрэ адыгэбзэмкІэ етъэжьащІуэхэмрэ я фІыгъэщ. ИужьрейрмкІэ Алибэрдыкъуэр япэ итауэ кьыщІэкІынщ.

Ильэс куэд и пэкІэ кьыщІадзауэ адыгэ газетхэм усакІуэхэм, тхакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэр традэ. Мухьэмэд щылэжьа ильэсхэми («Литературэр напэ» газетхэм хуэхьыщытащ. Ар жьыджэр хэтащ Адыгейм, Къэбэрдейм, ШэрджэсымэгъэсусэуэкІыдагъкІыу Зырамыку (езы Зырамыкуи абы щыгъуэм студенттІ) и «Къанщобийрэ ГуащІэгъагъэ» пьесэр. Абыхэм щІэныгъэ куу ягъуэтат, Іэзагъэ ин зыІэрагъэхьати, уеблэмэ хамэ къэрал классикхэм я пьесэхэр ягъуэныт. 1940 гъэм Бомарше и «Фигаро и фызыш» комедиер фІы дыдэу щагъэуват Къэбэрдей театрым. Черкесск дежьащІ театр къыщыщІэзІуахьм, адыгэт ягъэхьэзырахэр зыхуей пьесэхэр ма щІэ дыдэт. Мис абдеж и зэфІэкІкІыр къызыкьуихыу щІидзат драматург Дзбагъуэ Мухьэмэд.

Режиссер Абдокъуэ Маталио и гъусэу яп щыкІэ ягъэуващ литературэ тхыгъэ щхьэхуэхэм къытращІыкІа драмэхэр: Уэхьутэ Абдулыхь и «Іэсинят и мыв» повестым, «Іэльэщ пльыхь», «Іэпхъуэ гъльэ телыдж» таурыхъхэм къытращІыкІахэр, «Хэкум епщІыкъм и анэ», «ЩІыгу Іэмыщ!» жыхуиІэхэр. Езы Дзбагъуэм итхащ комедие зыбжанэ («Аращ лІы зэрыдэкІуэр», «КІапэ нэхьрэ напэ е нысэтыІо»), таурыхъ жьпхъэм ит пьесэхэу («Иныжьым и нэр», «ГъущІыпсэ» жьхуиІэхэри абы и Іэдакъэм къыщІэкІащ. Иджыпей зэманым теухуащ «Дыгъуф гъуэмбым ІохуэУ», «ФІы зыщІэр щІегъуэжьрыкъм», «Анэр нэм хуэдиІо» пьесэхэр. Иджырей драмэр курыт еджапІэм и программэм хэту ядж. Зэрыпльагъущи, абы Шэрджэс театрым и репертуарыр игъэнщІащ ильэсипщІым щыгъкІэ. Езы Дзбагъуэ Мухьэмэди нэхъыбэу къызэращІыхьэр драматургыращ, ауэ я фІагъкІэ абы и пьесхэм зыкІи къыкІэрыхурыкъым и рассказхэри.

И рассказхэм я сюжетыр «журналист и жанкІэ» Дэбагъуэм къыщигъэтырт ди зэманым щекІуэкІ гъащІэм. БлэкІакъым тхакІуэр ди сабингъуэр гуфІэгъэнщэ зыщІа зауэ темэми. А темэр Мухьэмэд зы теплъэгъуэ гукъэкІыж фащэу «хиухуэнащ» «Псынэдахэ и къэрал». Абыхэм къагъэльэгъуэрщ ежьащ. Абыхэм я учебникхэм ящыщ. Шэрджэсым адыгэ театрыр щызэрагъэпэщащ хыщІ гъэхэрщ. Къэбэрдей театрым щылэжьэну цІыхуэр. Мыбдеж тхакІуэм ГИТИС-м еджанІэ ягъэкІуащ. Институтыр къаухри, абы труппэ гъуэзэджу къагъэзэжащ 1940 гъэм. А гупыр иджыри еджэу абы хэтхэм ягъэхьэзыру щІадзат Къардэнгъущ Зырамыку (езы Зырамыкуи абы щыгъуэм студенттІ) и «Къанщобийрэ ГуащІэгъагъэ» пьесэр. Абыхэм щІэныгъэ куу ягъуэтат, Іэзагъэ ин зыІэрагъэхьати, уеблэмэ хамэ къэрал классикхэм я пьесхэр ягъуэныт. 1940 гъэм Бомарше и «Фигаро и фызыш» комедиер фІы дыдэу щагъэуват Къэбэрдей театрым. Черкесск дежьащІ театр къыщыщІэзІуахьм, адыгэт ягъэхьэзырахэр зыхуей пьесэхэр ма щІэ дыдэт. Мис абдеж и зэфІэкІкІыр къызыкьуихыу щІидзат драматург Дзбагъуэ Мухьэмэд.

Режиссер Абдокъуэ Маталио и гъусэу яп щыкІэ ягъэуващ литературэ тхыгъэ щхьэхуэхэм къытращІыкІа драмэхэр: Уэхьутэ Абдулыхь и «Іэсинят и мыв» повестым, «Іэльэщ пльыхь», «Іэпхъуэ гъльэ телыдж» таурыхъхэм къытращІыкІахэр, «Хэкум епщІыкъм и анэ», «ЩІыгу Іэмыщ!» жыхуиІэхэр. Езы Дзбагъуэм итхащ комедие зыбжанэ («Аращ лІы зэрыдэкІуэр», «КІапэ нэхьрэ напэ е нысэтыІо»), таурыхъ жьпхъэм ит пьесхэу («Иныжьым и нэр», «ГъущІыпсэ» жьхуиІэхэри абы и Іэдакъэм къыщІэкІащ. Иджыпей зэманым теухуащ «Дыгъуф гъуэмбым ІохуэУ», «ФІы зыщІэр щІегъуэжьрыкъм», «Анэр нэм хуэдиІо» пьесхэр. Иджырей драмэр курыт еджапІэм и программэм хэту ядж. Зэрыпльагъущи, абы Шэрджэс театрым и репертуарыр игъэнщІащ ильэсипщІым щыгъкІэ. Езы Дзбагъуэ Мухьэмэди нэхъыбэу къызэращІыхьэр щІэрыІуэ тхыгъэ щхьэхуэхэм я учебникхэм ящыщ. А псалъэр си гум кьинащ икІи сигъэгупсысащ: а дуней ехьжьам и гъащІэр зыщІригъэхьыу, ефэешхэу, гушыІэу игъэкІуат. Сигу щІэтІэгъуащ абы, ар тІэудІэт.

Дзбагъуэ Мухьэмэд апхуэдэхэм зыкІи ещхьыкъым, сэбэп зыхьэлъ Іуэхуу ищІар гъащІитІ-щым яхурикъунщ. ЛьэужьыфІ ІуэхуитІэнащ литературэм, журналистикэм, къыгъэсэбэпащ зауэ зэманым адыгэхэм Ленинград къраша сабийхэр зэрахьумам, зэрапІам щыщ Іуэхуитіуэхэри. Мы повестми рассказ куэдми Дзбагъуэм «щитІэлъэнэр нэжу кІэгъэлъэгъуэныр; абы и нэщхнэхэр фІещхъуныгъэ хэлъу тхьилъеджэм и пащхьэм ильхьныр мыхьэнэшхуэ зиІэщ.

Драматургиемрэ прозэмрэ и гуащІэр нэхьыбэу хилъхьами, Дзбагъуэр усэмкІ хуэарму? щытакъым. Мухьэмэд и усэ зыбжанэм макъымэ щІалъхьэри, уэрэд хъарзынэ хъуахэщ. Апхуэдэхэщ Хьэбэч Умар теухуа уэрэдыр, «Ар лъагъунэгъущІэ», «Си дахэр», «Си дунейр кьыСхуэгъэнэху», «СыгІыт щыгъуэ сыкъэпщІэну?», нэгъущІхэри. Апхуэдэу езы Мухьэмэди уэрэд жьІэныр фІэфІт. Къэрэшей-Шэрджэсым ноби щыІэщ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащІэ «Нарт» щІыхухьу ансамблыр. Ар кьыззэпсыгъэпэщахэм яхэтащ, уеблэмэ пащІэу зыкъомрэ щытащ Дзбагъуэ Мухьэмэд.

Ари Дзбагъуэр хэкупсэу, и лъэпкъыр фІыуэ ильагъуу зэрыщытам и щапхъэщ. Сэ хуабжьу сигу ирохь адыгэхэр жыг хадэм убгъуауэ елэжьу щыщІэ зэманэм кьхъуа, ауэ нобэ ящыгъупщэжа зы



БакІуу Хьандэрийр Дзбагъуэ Мухьэмэдр. *1973 гъэ*

● Юбилей

кьигъэсэбэпащ зауэ зэманым адыгэхэм Ленинград къраша сабийхэр зэрахьумам, зэрапІам щыщ Іуэхуитіуэхэри. Мы повестми рассказ куэдми Дзбагъуэм «щитІэлъэнэр нэжу кІэгъэлъэгъуэныр; абы и нэщхнэхэр фІещхъуныгъэ хэлъу тхьилъеджэм и пащхьэм ильхьныр мыхьэнэшхуэ зиІэщ.

Драматургиемрэ прозэмрэ и гуащІэр нэхьыбэу хилъхьами, Дзбагъуэр усэмкІ хуэарму? щытакъым. Мухьэмэд и усэ зыбжанэм макъымэ щІалъхьэри, уэрэд хъарзынэ хъуахэщ. Апхуэдэхэщ Хьэбэч Умар теухуа уэрэдыр, «Ар лъагъунэгъущІэ», «Си дахэр», «Си дунейр кьыСхуэгъэнэху», «СыгІыт щыгъуэ сыкъэпщІэну?», нэгъущІхэри. Апхуэдэу езы Мухьэмэди уэрэд жьІэныр фІэфІт. Къэрэшей-Шэрджэсым ноби щыІэщ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащІэ «Нарт» щІыхухьу ансамблыр. Ар кьыззэпсыгъэпэщахэм яхэтащ, уеблэмэ пащІэу зыкъомрэ щытащ Дзбагъуэ Мухьэмэд.

Ари Дзбагъуэр хэкупсэу, и лъэпкъыр фІыуэ ильагъуу зэрыщытам и щапхъэщ. Сэ хуабжьу сигу ирохь адыгэхэр жыг хадэм убгъуауэ елэжьу щыщІэ зэманэм кьхъуа, ауэ нобэ ящыгъупщэжа зы

● Дзюдо

Хъуакъым ар

«ТАЖЫШХУЭР» къэхьынымкІэ зэпеуэ хьэлэмэт Токио щекІуэкІащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Японием и кьалащхьэр ди щІалэхэм яхуэгугъурлакъым.

Къэралым и командэ къыхэхам хэту «Тажышхуэ» зэпеуэм кІуат Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэу Мудрэн Беслъэн, Джэдаиэ Алим, Къуэдзокъуэ Мурат сымэ. АрщхьэкІэ абыхэм дызэрагъэгуфІэн зэфІэкІ къагъэлъэгъуакъым. Зэхьэзэхуэм и етІуанэ къекІуэкІыгъуэм Джэданэр хэгъэрейхэм ящыщ Такадэ къыхигъэщІащ, Мудрэныр Кореем икІа Им пэщІэтыфакъым.

Европэм и вице-чемпион Къуэдзокъуэ Мурат нэхъыфІыІуэ къыщІидзат. Ящэ зэІуЩитІым ар щытекІуащ Испанием и лЫкІуэ Уемацрэ монгол Саинжаргалрэ. АрщхьэкІэ ещанэм хэгъэрейхэм ящыщ Накая пэлъэщакъым. Арати, Къуэдзокъуэри медальншэу къэнащ, етхуанэ ящыпІэр къихьри.

Иджы ди дзюдоистхэр Китайм кІуэнущ. Ахэр абы щыхэтынущ Гран-при зэпеуэм икІи я Іуэхуэхэр ирагъэфІэкІуэжьыну дыщыгугъынщ.

Бэнэкіэ хуит

Джэду Аниуар и текІэныгъэ

2012 ГЪЭМ Лондон щыІэну Олимпиадэр щекІуэкІыну спорт утыкухэм бэнэкІэ хуитымкІэ зэхьэзэхуэ иджыблагъэ щызэхьэтащ. Абы кьрихьэлІат дуней и спортсмен нэхъыфІ дыдэхэр.

Урысейм и командэ къыхэхам хагъэхьа Джэду Аниуар а зэпеуэм щытекІуащ. Килограмм 74-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэныкъуэкъуныгъэм абы къыщыпэщІэуІэва псори хигъэщІащ. Финалым Аниуар щытридзащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я бэнакІуэ лъэщ Хова Эндрю.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Аруан куейм егъэджэныгъэмкІэ и управленэмрэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэмрэ я жьауэм щІэту Нарткьалэ дэт 1-нэ курыт школым щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ Щоджэнщыкіу Іэдэм и творчествэм теухуа еджэныгъэхэр.

ҚЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ адыгэ литературэм ехьэлІа мыпхуэдэ зэІуІэхэр мы щІалэм дэт еджапІэхэм щІэх-щІэхыуэр зэрыщрагъэкІуэкІыр. «Щоджэнщыкіум и еджэныгъэ» зыфІащащ зэхьыхьэм кърихьэлІащ лъэпкъ литературэм, дихьэх ныбжьыщІэхэмрэ ахэр езыгъаджэхэмрэ. Пшыхьым щытепсэлъыхьащ Щоджэнщыкіум и гъащІэмрэ и творческэ гъуэгуанэмрэ, усакІуэм адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ и литературэмрэ хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм. Апхуэдэу сабийхэр Іэдэм и усэхэм кьеджащ, «Гумызагъэ», «Софят и гьатхэ» зыфІища тхыгъэхэм я гупсысакІэ ящыщ.

Аруан куейм и еджапІэ щІэныгъэмкІэ и управленэмрэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъаджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэмрэ я жьауэм щІэту Нарткьалэ дэт 1-нэ курыт школым щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ Щоджэнщыкіу Іэдэм и творчествэм теухуа еджэныгъэхэр.

ҚЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ адыгэ литературэм ехьэлІа мыпхуэдэ зэІуІэхэр мы щІалэм дэт еджапІэхэм щІэх-щІэхыуэр зэрыщрагъэкІуэкІыр. «Щоджэнщыкіум и еджэныгъэ» зыфІащащ зэхьыхьэм кърихьэлІащ лъэпкъ литературэм, дихьэх ныбжьыщІэхэмрэ ахэр езыгъаджэхэмрэ. Пшыхьым щытепсэлъыхьащ Щоджэнщыкіум и гъащІэмрэ и творческэ гъуэгуанэмрэ, усакІуэм адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ и литературэмрэ хуищІа хэлъхьэныгъэ инхэм. Апхуэдэу сабийхэр Іэдэм и усэхэм кьеджащ, «Гумызагъэ», «Софят и гьатхэ» зыфІища тхыгъэхэм я гупсысакІэ ящыщ. Мы районпсо еджэныгъэм кІуэцІ ІэнатІэ зиІэ ныбжьыщІэхэр, ныбжьыщІэ ныкъо